



Ibibazo n'inyishu (kubijanye no guhanahana amaraso)

Ikibazo: Ni ryari umugera wa Sida wandukira biciye mumaraso?

Inyishu: Umugera wa Sida wibera mumaraso ukandukira canecane uduce tw'amaraso bita CD4. Utwo duce turi mudufasha umubiri wacu kwigwanira. Umugera rero usinzikaza abo basirikare b'umubiri bigatuma abantu bagendana umugera wa Sida bataba bagishobora kugwanya indwara. Umuntu rero atagendana umugera wa Sida arashobora kuwandura iyo umugera ugiye mumaraso yiwe. ibi bishoboka rero muguhanahana amaraso. Muri rusangangi bavugako abantu bandura biciye muguhanahana amaraso baharurwa hagati ya batanu na cumi kw'ijana.

Ikibazo: Murazi yuko abantu benshi bandura umugera wa Sida biciye mumibonano mpuzabitsina: none twovugako ari bande bageramirwa no kwandura biciye muguhanahana amaraso?

Inyishu: Abantu bandura umugera wa Sida biciye muguhanahana amaraso bari imirwi itatu mikurumikuru: Umurwi wa mbere ni uw'abanywa ibiyayuramutwe babicishije mumaraso ugasanga bariko baratizanya canke basubira gukoresha inshinge zakoreshejewe mukwitera ivyo biyayuramutwe. Aba rero nibo bageramiwe cane no kwandura canke kwanduza umugera wa sida biciye muguhanahana amaraso. Naho bizwi ko umugera wa Sida utabaho ikiringo kirekire uri ahabona, inshinge ziratuma umugera ubaho neza igihe kitari gito. Urushinge rero ruha inzira irashe umugera wa Sida kuberako uva murushinge uja mumubiri atahandi urinze guca ari naco gituma uwurukoresha ageramirwa cane no kwandura. Abantu bamwebamwe bafise indwara ituma iyo bakomeretse baguma bava, amaraso yabo ntavure ningoga be n'abantu bakeneye guhabwa amaraso nabo nyene tubashira mumirwi igeramirwa gose no kwandura biciye mumaraso. Ariko, ntabenshi bandura biciye muri muguhanahana amaraso kuko ababijejwe baravyitaho cane. Amaraso baza guha uwundi muntu babanza kuyapima nez

Ikibazo: Abaganga bo birirwa barakora kubikoresho bihwana n'amaraso yanduye Sida yoba ibabangamira?

Inyishu: Kubera yuko n'umuganga ashobora kwikomeretsa atabishaka n'urushinge ruriko umugera wa Sida, ingingo zimwezimwe zo kubakingira zarafashwe. Muri izo ngingo, twovuga nko gukoresha imiti yo kwikingira Sida igihe cose umuganga yikomerekeje n'urushinge atabishaka, birafasha cane gukingira umuntu ntiyandure. Ido n'ido kubijanye n'ivyo, mwokwegera abaganga bo kubitaro canke kumavuriro.

Ikibazo: Ni ubuhe buryo bwoba bumaze kuboneka kugira ngo bakinge kwandura biciye muguhanahana amaraso?

Inyishu: Kuko twamaze kubivuga, imber yuko abaganga baha amaraso abantu bayakeneye babanza kuyapima neza. Vyoba vyiza n'abanywa ibiyayuramutwe bakoresheje inshinge ko boreka kuzitizanya kandi bakareka gukoresha inshinge bari barakoresheje. Hari amashirahamwe ariko ariyumvira neza ingene inshinge zotyororwa neza kandi zikabikwa ahatu hakingiye. Mugihe mubuze urushinge rushasha, ibindi bikoresho canke inshinge mwokwifashisha mwobanza kuzityorora n'isabuni imeze nk'amazi bita "eau de javel".

Mubihugu bimwebimwe barahinduye amategeko barongeramwa ko uwufatanywe urushinge rwo kwamuganga atarutumwe na muganga ahanwa; aho ni muntumbero yo gukinga umugera wa Sida.